

ESG CV Asistans pou Lwaye

Kesyon yo poze souvan yo

K. Ki sa pwogram ESG asistans lwave a ye?

Lajan ESG-CV a se yon solisyon ijans ki la pou anpeche, prepare epi reponn a pandemi coronavirus la (COVID-19) pami moun ak fanmi ki san kay oswa k ap resevwa asistans pou peye lwave ; ak pou sipòte asistans adisyonèl pou moun ki sanzabri a koz de nan yon fason pou desann enpak finansye COVID-19 la.

AVÈTISMAN: Seksyon 1001 nan Tit 19 nan kòd Ameriken an fè li yon ofans kriminèl pou moun kap fè fo deklarasyon oswa bay leta manti. Moun kap fe fo defòmasyon bay nenpòt depatman oswa ajans Etazini konsènan nenpòt pwoblèm ki nan jiridiksyon an. Fo enfòmasyon ka lakòz responsabilite sivil, ak/oswa sanksyon kriminèl , men pa limite a, amann, prizon oswa tou de.

\*Enfòmasyon sa a disponib an Angle, Panyòl ak Kreyòl.

#### LIEN DIRÈK AK SEKSYON Q&A

- Kondisyon jeneral pou kalifye
- Kesyon jeneral sou aplikasyon yo
- Aplike pou sèvis kòm yon proprojètè

Kondisyon jeneral pou kalifye

Fanmi ki elijib nan Palm Beach County ki ap fè fas ak yon kriz, e kòm konsekans yo gen risk pou yo pa gen kay; e ki gen revni total nan kay la nan oswa pi ba pase 150% (AMI); Kay ki pa genyen nenpòt lòt resous pou anpeche yo vini sanzabri.

Patisipan k ap chèche asistans pou lokasyon nan pwogram ESG-CV nan inite ki gen pri lwave ki pi wo pase Fair Market Rate (FMR) dwe konfòme yo ak HUD a.

K. Ki avantaj pwogram ESG CV yo genyen?

- Fanmi yo ka resevwa jiska 12 mwa asistans pou lokasyon (re evalyasyon revni yo pral konplete chak twa mwa).
- Kay yo ka resevwa jiska 6 mwa nan asistans pou lokasyon (rent) ak 1 mwa lwave davans.

K. Èske mwen kalifye si pri lwave mwen an pi plis pase Market Fair Rate (FMR)?

Patisipan yo ka elijib pou asistans si FMR konfòme yo ak estanda HUD yo pou lwave rezonab.

K. Kouman pou mwen konnen si inite/lwave mwen an pi wo pase kondisyon FMR yo?

Yon fwa yo fin revize aplikasyon an, yo pral notifye aplikan an atravè pòtal aplikasyon (email) an si inite a pa satisfè kalifikasyon yo..

K. Ki kondisyon aplikasyon pou kalifikasyon pou resevwa asistans pou lokasyon ESG CV?

Li enpòtan pou li egzijans aplikasyon yo ak anpil atansyon pou evite reta lè w ap aplike pou asistans.

Yon kay ki elijib nan Palm Beach County se yon kay kote omwen youn oswa plis moun satisfè tout kritè sa yo:

- i. Demontre yon risk pou sanzabri (yon kriz), epi
- ii. Demontre ke yo pa gen lòt resous pou anpeche eviksyon, epi
- iii. Ki gen revni total kay la nan oswa pi ba pase 50% nan medyàn zòn nan (AMI)

Yon kay ka elijib si yo satisfè kategori sa yo:

- Risk pou sanzabri: Youn oswa plizyè manm nan kay la fè fas ak yon kriz, epi kòm rezulta, yo gen risk pou yo vin sanzabri (homeless). TANPRI REMAKE DOKIMAN KI DATE AVAN 1 JANVYE 2021 OSWA APRÈ, DWE DEMONSTRE YON KRIZ AKTYEL.

- o Avi kob lwaye a anreta
- o Lòd Tribunal Degèpisman (Eviksyon)
- o Avi 30 jou pwopriyetè a bay pou mete fen nan lokasyon an
- o Avi 3 jou pou peye oswa kite kay la
- o Yon Lèt ki siyen yon ki soti nan yon motèl oswa yon otèl ki fè konnen moun nan dwe kite kay la nan 30 jou
  - Pa gen ase resous oswa rezo de sipò, pa egzanp, fanmi, zanmi, legliz oswa lòt rezo sosyal yo, ki disponib imedyatman pou anpeche yo rantre nan yon abri ijans oswa yon lòt kote ki di
- o (c) Akonpli youn nan kondisyon sa yo:
  - Te deplase akoz rezon ekonomik de (2) fwa oswa plis pandan 60 jou yo imedyatman anvan aplikasyon pou asistans pou prevansyon sanzabri a;
  - (II) Ap viv lakay yon lòt poutèt difikilte ekonomik;
  - (III) Yo te fè konnen alekri dwa yo genyen pou yo okipe kay yo oswa k ap viv kounye a Sitiyasyon pral sispann nan 21 jou apre dat aplikasyon pou asistans la;
  - (IV) K ap viv nan yon otèl oswa yon motèl epi yon òganizasyon charitab ki pa peye pri pou sejou nan otèl la oswa nan yon motèl.
  - (V) K ap viv nan yon chanm ki gen yon sèl oswa yon apatman efikas kote gen anpil moun oswa ap viv nan yon inite lojman ki pi gwo kote gen plis pase 1.5 moun ki abite pou chak chanm

(VI) Èske yo kite yon enstitisyon ki finanse piblikman, oswa yon sistèm swen (tankou yon etablisman swen sante, yon etablisman sante mantal, swen adoptif oswa lòt etablisman jèn, oswa pwogram koreksyon oswa enstitisyon); oswa

(VII) Sinon ap viv nan lojman ki gen karakteristik ki asosye ak enstabilite ak yon

Ogmante risk pou sanzabri, jan yo idantifye nan plan konsolide benefisyè a apwouve.

(ii) Yon timoun oswa jèn ki pa kalifye kòm "san kay" dapre 24 CFR 576.2, men ki kalifye kòm "san kay" dapre seksyon 387(3) Lwa sou jèn ki sove ak moun ki san kay yo (42 U.S.C. 5732a(3)), seksyon 637(11) Head Start Act (42 U.S.C. 9832(11)), seksyon 41403(6) Vyolans Against Women Act 1994 (42 U.S.C. 14043e-2(6)), seksyon 330(h)(5)(A) Sante Piblik Lwa Sèvis (42 U.S.C. 254b(h)(5)(A)), seksyon 3(m) Lwa sou Manje ak Nitrisyon 2008 (7).

U.S.C. 2012(m)), oswa seksyon 17(b)(15) Lwa sou Nitrisyon Timoun 1966 (42 U.S.C. 1786(b)(15)); oswa

(iii) Yon timoun oswa jèn ki pa kalifye kòm "san kay" dapre 24 CFR 576.2, men ki kalifye kòm Paj 3 nan 8 Mizajou 5/17/2022 NDR

"san kay" dapre seksyon 725(2) Lwa McKinney-Vento Asistans pou Sanzabri (42 U.S.C. 11434a(2)), ak paran (yo) oswa gadyen (yo) timoun oswa jèn sa a si w ap viv avèk li.

☒ Revni total kay la dwe nan oswa pi ba pase 50% Revni Medyàn zòn nan (AMI)

Size fanmi an/Konbyen moun ki gen lakay la	AMI 50%
1	32,200
2	36,800
3	41,400
4	46,000
5	49,700
6	53,400
7	57,050
8	60,750

o Sis (6) mwa revni pou tout manm nan kay la ki gen 18 an oswa plis (dwe bay prèv revni pou detèmine kalifikasyon). Egzanp prèv revni yo ka tankou:

- Avantaj chomaj (unemployment)
- Revni ou touche (paystub)
- Prev revni travay endepandan
- Asistans Piblik (TANF, SSI, SSDI, SNAP, elatriye)
- Pansyon/Lèt ke ou retayèt

- Pansyon alimantè ak/oswa sipò pou Timoun
- **Revni fòs lame militè**
- Lòt revni
  - Si pa gen revni:
- Fòm deklarasyon revni zewo plis youn nan sa ki anba yo (depann de laj):
- Transkripsyon salè sekirite sosyal (wage history)
- Dosye lekòl pou moun nan kay la ki gen laj 18 an a 25 an

K. Ki dokiman yon aplikan dwe bay lè w ap aplike pou pwogram ESG CV a?

- Tout granmoun ki gen 18 an oswa plis nan kay la dwe genyen (tou de sa yo)
  - Kat idantite gouvènman an (ID)
  - Kat sekirite Sosyal
  - Tout minè ki gen 17 an oswa pi piti nan kay la dwe genyen (tou de sa yo)
  - Batistè (ak de nesans)
  - Kat Sekirite Sosyal
  - Tout adilt ki nan kay la dwe gen prèv revni pou 6 dènye mwa yo (tout sa ki aplike yo)
  - Avantaj chomaj (unemployment)
  - Revni ou touche (paystub)
  - Prev revni travay endepandan
  - Asistans Biblik (TANF, SSI, SSDI, SNAP, elatriye)
  - Pansyon/Lèt ke ou retayèt
  - Pansyon alimantè ak/oswa sipò pou Timoun
  - **Revni fòs lame militè**
  - Lòt revni
  - Si pa gen revni:
    - Fòm deklarasyon revni zewo plis youn nan sa ki anba yo (depann de laj):
    - Transkripsyon salè sekirite sosyal (wage history)
    - Dosye lekòl pou moun nan kay la ki gen laj 18 an a 25 an
  - Tout Granmoun ki nan kay la dwe gen sis (6) Mwa Deklarasyon Labank OSWA
    - **Deklarasyon labank pou chak adilt nan kay la (stetman bank)**
  - Si aplikan an pa gen kont labank
- o Aplikan an ap ekri yon deklarasyon ki pou di ke pa gen moun nan kay la pa gen kont labank**
- Depans nan kay la obligatwa (Ou dwe bay dokiman pou chak depans ou chwazi nan sistèm nan;
- Pa egzanp: bill dlo, kontra-lwaye/lease kay la)
- Byen kay yo obligatwa (asset)

- Kontra Lwaye, tout pati yo siyen ak date (dwe gen non aplikan an sou li)
- Aplikan an dwe montre ke li nan risk pou Sanzabri (**youn nan sa yo**)

o Prèv potansyèl pèt lojman akòz pa gen kob pou peman Lwaye **OSWA**

- Avi Lwaye anreta
- Lòd Tribunal eviksyon
- Avi 30-jou pwopriyetè kay la mete fen nan lokasyon an
- Avi 3-jou pou peye oswa kite kay la
- Yon lèt ki siyen yon motèl oswa yon otèl ki fè konnen moun nan kay la dwe kite kay la nan 30 jou

o Prèv potansyèl pèt lojman akòz ou pa peye sèvis publik

- Dwe genyen kopi avi fèmen sèvis publik ak **youn nan sa yo**
- Kontra Lwaye/Lwaye ki endike aplikan an responsab pou sèvis publik e si sèvis publik la fèmen lap lakòz eviksyon oswa
- Lòt Prèv ki montre ke lojman pa bon pou moun yo rete akòz sèvis publik la fèmen (egzanp. lòt evalyasyon founisè twazyèm pati evalyasyon anplwaye ESG-CV).

K. Kijan yo defini yon kay?

Yon aplikan aplike pou kay la. Yon kay defini kòm tout moun k ap viv nan yon sel kay.

K. Èske mwen oblige remèt lajan ESG CV yo?

Non, asistans CV ESG la pa oblige ranbouse.

K. Ki lòt resous ki genyen si yo refize m asistans ESG CV?

Pou kriz ki pa gen rapò ak COVID-19, konekte nan OSCARSS epi chwazi "Aplike pou Sèvis".

Pou lòt referans resous, tankou asistans mortgage, kontakte 211.

K. Ki jan pwopriyetè yo ka vin machann ak Konte Palm Beach e ki dokiman yo dwe bay?

Pwopriyetè/machann dwe gen 14 jou pou l'anregistre kòm yon machann nan Palm Beach County. Si machann pa respekte a delè etabli a, aplikasyon an dwe retounen bay kliyan an. Pwopriyetè yo ka aplike nan

<https://pbcvssp.co.palm-beach.fl.us/webapp/vssp/AltSelfService>

Dokiman obligatwa yo: Bilan Siyen AK Akò Lwaye a (lease kay la)

REMAK: Peman bay Manadjè Pwopriyete a mande prèv ak siyati Pwopriyetè a ki otorize manadjè pwopriyete a aksepte peman.

K. Ki moun mwen ka kontakte sim gen lòt kesyon?

Si w gen plis kesyon, tanpri kontakte sant apèl nou an nan (561) 355-4792 oswa voye yon imèl bay CSDCares@pbcgov.org.

## KESYON JENERAL APLIKASYON YO

### **K. E si mwen gen pwoblèm pou aplike pou sèvis yo?**

Tanpri kontakte Sant Apèl nou an nan (561) 355-4792 oswa voye yon imèl bay CSDCares@pbcgov.org.

### **K. Kouman mwen ka verifye estati aplikasyon mwen an?**

Pou verifye estati yon aplikasyon, vizite CSD's Custom Services Search nan

[www.pbcgov.com/clientservicessearch](http://www.pbcgov.com/clientservicessearch) oswa dirèkteman atravè pòtal aplikasyon an nan

[www.rentalassistancepbcgov.org](http://www.rentalassistancepbcgov.org)

Yon fwa ke aplikasyon an fin revize, w ap resevwa yon imèl pou nenpòt ki dokiman ke nou bezwen nan men w. Lis dokiman nou bezwen nan menw yo ap paret lè w konekte.

Yo ankouraje aplikan yo tcheke imèl yo regilyèman epi kenbe yon nimewo telefòn valab nan dosye, kòm evalyatè yo pran kontak pa imel, epi yo voye mizajou enpòtan konsènan aplikasyon yo tou.

### **K. Konbyen tan li pran pou trete aplikasyon an?**

Si w elijib epi yo soumèt aplikasyon an ak deklarasyon balans pwopriyetè a san pwoblèm,

pwosesis la ka pran jiska 6 semèn anvan pwopriyetè a resevwa peman.

Yo ankouraje aplikan yo tcheke imel yo regilyèman pandan evalyatè yo fè kontak pa imel, epi yo voye enpòtan mizajou konsènan aplikasyon yo. Pou verifye estati yon aplikasyon, vizite CSD's Custom Services Search nan [www.pbcgov.com/clientservicessearch](http://www.pbcgov.com/clientservicessearch) oswa dirèkteman atravè pòtal OSCARSS nan [www.pbcgov.com/OSCARSS](http://www.pbcgov.com/OSCARSS).

### **K. Kouman pou mwen tcheke estati aplikasyon mwen an?**

Ou ka tcheke estati aplikasyon w lan lè w konekte sou kont ou.

Yo ankouraje aplikan yo tcheke imel yo regilyèman pandan evalyatè yo fè kontak pa imel, epi yo voye enpòtan mizajou konsènan aplikasyon yo. Pou verifye estati yon aplikasyon, vizite CSD's Custom Services Search nan [www.pbcgov.com/clientservicessearch](http://www.pbcgov.com/clientservicessearch) oswa dirèkteman atravè pòtal OSCARSS nan [www.pbcgov.com/OSCARSS](http://www.pbcgov.com/OSCARSS).

### **K. Èske mwen ka aplike nan oubyen pa telefòn?**

Non. Ou dwe aplike atravè aplikasyon nou an sou entènèt epi bay dokiman ki nesesè yo pou detèmine si w kalifye. Si w bezwen asistans pou w aplike pou sèvis yo, ou ka pran yon randevou pou vizite youn nan biwo nou yo oswa bibliyotèk yo lè w rele 561-355-4792.

### **K. Ki moun ki ka ede m aplike pou sèvis an pèsòn?**

Aplikasyon yo disponib sou Entènèt nan [www.rentalassistance.org](http://www.rentalassistance.org) nan nenpòt koneksyon entènèt. Si ou bezwen asistans pou aplike pou sèvis an pèsòn, ou ka pran yon randevou pou vizite youn nan biwo nou yo oswa yon lokasyon bibliyotèk , rele 561-355-4792. Si w lakay ou oswa si w gen limit ekstrèm ki

anpeche w vizite nou an pèsòn, tanpri kontakte 561-355-4792 epi mande yon vizit lakay ou. Ekip mobil Outreach nou an ap retounen apel ou epi planifye yon lè pou nou rankontre.

#### **K. Ou pa kapab anrejistre pou kont OSCARSS?**

Imèl CSDCarespbcgov.org. (CSD Cares pral verifye si gen yon kont ki egziste deja ak/oswa pwoblèm teknik la epi edew anrejistre kont ou a).

#### **K. Ou pa kapab konekte?**

Imèl CSDCarespbcgov.org.

#### **K. Ou pa kapab telechaje/bay/voye dokiman yo?**

Ou ka kontakte Sant Apèl CSD nan 561-355-4792


Ou ka imèl anplwaye yo lè w klike sou "Kontakte nou" sou [www.rentalassistancepbc.com](http://www.rentalassistancepbc.com) oswa [www.pbcgov.com/OSCARSS](http://www.pbcgov.com/OSCARSS).

#### **K. Sipoze yo te soumèt aplikasyon an, men yo te kite li sou Draft?**

Aplikan dwe konekte nan kont li epi klike sou "Soumèt".

#### **K. Kisa ikon yo vle di nan Aplikasyon an?**

Klike sou bouton "Tcheke Eta Aplikasyon an" sou [www.rentalassistancepbc.com](http://www.rentalassistancepbc.com) oswa [www.pbcgov.com/OSCARSS](http://www.pbcgov.com/OSCARSS).



#### **K. Kisa Definisyon Estati yo vle di?**

**Soumèt (Submitted)**-Aplikan te soumèt aplikasyon yo.

**Revizyon nan Pwosesis (Review in process)**- Travayè a ap revize aplikasyon an pou asire ke tout kondisyon yo te ranpli ak tout dokiman yo te bay.

**Aksepte (Accepted)** – Travayè a oswa evalyatè a konfime kondisyon aplikasyon yo te ranpli epi li voye aplikasyon bay Fiscal pou revizyon ak pwosesis peman.

**Pending Payment**-Finans kreye invoice la pou fe peman an. Peman yo pral poste/peye nan 10-15 jou.

Paid-Landlord oswa konpayi Jesyon Pwopriyete te resevwa peman.

#### **K. Bezwèn klarifikasiyon sou dokiman travayè a mande yo**

1. Ou ka kontakte Sant Apèl CSD nan 561-355-4792 oswa Imèl CSDCares@pbcgov.org.
2. Ou ka imèl anplwaye yo lè w klike sou "Kontakte nou" sou [www.rentalassistancepbc.com](http://www.rentalassistancepbc.com) oswa [www.pbcgov.com/OSCARSS](http://www.pbcgov.com/OSCARSS)

#### **K. Ou vle konnen si pwopriyetè a te jwenn peman an?**

Imèl [PBCLandlord@pbcgov.org](mailto:PBCLandlord@pbcgov.org) epi bay nimewo aplikasyon an.

#### **K. Kijan pou m kominike ak responsab dosye a/travaye a?**

1. Rele Sant Apèl CSD la nan 561-355-4792 oswa voye yon imèl bay [CSDCares@pbcgov.org](mailto:CSDCares@pbcgov.org) oubyen
2. Ou ka imèl anplwaye yo lè w klike sou "Kontakte nou" sou [www.rentalassistancepbc.com](http://www.rentalassistancepbc.com) oswa [www.pbcgov.com/OSCARSS](http://www.pbcgov.com/OSCARSS)

#### **K. Kouman pou mwen reset modpas mwen an?**

Imèl [CSDCares@pbcgov.org](mailto:CSDCares@pbcgov.org)

#### **K. Kouman pou mwen kalkile revni, sitou travay endepandan**

Aplikasyon OSCARSS la pral bay kalkil enfòmatik apre ou fin antre enfòmasyon yo mande yo.

#### **K. Kouman pou mwen fè rapèl si yo refize aplikasyon mwen an?**

Si yo refize aplikasyon w lan, ou ka fè rapèl sou kont pwosesis la pou yo ka rekonsidere desizyon an. Rapèl la. Pwosesis la te otomatik nan OSCARSS.

Nòt: Si w gen 2 sèvis, dlo ak lwave, ki refize epi sèlman apèl pou dlo, lè sa a ou ka aplike pou lwave sèlman apre rapèl pou dlo pase.

Tanpri gade ekran an nan pwosesis de etap ki anba a.

1. Klike sou bouton Request Appeal nan OSCARSS.



2. Ranpli Fòm rapèl la epi klike sou Save nan OSCARSS. Tout sèvis nou refize yo pral tcheke otomatikman. Deseleksyone sa yo ke ou pap fè rapèl pou yo.

Appeals Request Form for Application # 75076 (ERA COVID-19)

Please select service you want to Appeal \*

Rental Payment

Reason for Appeal \*

Reason for Appeal

\*  I, [REDACTED] George Fahme feel the decision made regarding my request for service through the Palm Beach County Community Services Department (CSD) is unsatisfactory and I wish to present my case to a higher authority.


\*  I have received a copy of the Community Services Department Appeals Process and understand my rights as outlined.

\*  I understand that if I have any questions regarding my right to appeal, I may contact CSD Administrative Staff for clarification.

**Save**    **Close**


ENC

FOOD    09/10/2020 Approved 09/10/2020



Pou verifye estati yon aplikasyon, vizite CSD's Custom Services Search nan [www.pbcgov.com/clientservicessearch](http://www.pbcgov.com/clientservicessearch) oswa dirèkteman atravè pòtal aplikasyon an nan [www.rentalassistancepbcgov.org](http://www.rentalassistancepbcgov.org).

Nou ankourage aplikan yo tcheke imèl yo regilyèman epi kenbe yon nimewo telefòn valab nan dosye, kòm evalyatè pran kontak pa imel, epi yo voye mizajou enpòtan konsènan aplikasyon yo.



**K. Si yo retounen aplikasyon mwen an ba mwen, konbyen tan mwen genyen pou m soumèt li ankò?**

Ou dwe resoumèt aplikasyon w lan nan lespas 15 jou yon fwa travayè aplikasyon'w lan retounen l ba ou. Si ou pa fè sa (resoumèt aplikasyon w lan nan delè sa a), w ap resevwa yon imèl ki di ke, akòz inaktivite, aplikasyon an fèmen. Si ou resevwa mesaj sa a epi ou toujou bezwen sèvis, tanpri konekte nan kont ou pou voye yon nouvo aplikasyon nan Rentalassistancepbc.org oswa PBCGOV.org/OSCARSS. Tanpri sonje ke enfòmasyon ou yo konsève nan sistèm nan, ou pa pral oblige resoumèt tout bagay, jis mete ajou (update) enfòmasyon yo epi resoumèt li.